

Avi sou Pratik Konfidansyalite Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la

Apati de 20 jiyè 2021

AVI SA A DEKRI KIJAN NOU GEN DWA ITILIZE AK BAY ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU AK KIJAN OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI LI L BYEN.

Si ou gen kesyon, kontakte Direktè Klinik la oswa Manadjè Sèvis Sante enstalasyon an. Ou kapab kontakte tou Responsab Konfidansyalite Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la (Depatman Sante NYC) nan 347-396-6007 oswa nan PrivacyOfficer@health.nyc.gov.

Enfòmasyon pwoteje sou sante (protected health information, PHI) se enfòmasyon sou sante yon moun yo bay avivwa, alekri oswa pa mwayen elektwonik. Gen ladan enfòmasyon jeneral (tankou laj ou, adrès ou ak imèl ou) ak enfòmasyon sou sante fizik oswa mantal ou. PHI gen ladan tou enfòmasyon sou sèvis swen medikal ou te resevwa ak peman pou sèvis sa yo. Pou pwoteje konfidansyalite PHI yo Depatman Sante NYC an obeyi tout lwa, règ ak règleman ki gen pou wè ak sa.

Nou ba ou avi sa a konfòmeman ak Lwa 1996 la sou Transfè ak Responsabilite nan Zafè Asirans Maladi (Health Insurance Portability and Accountability Act of 1996, HIPAA). Avi sa a dekri kijan Depatman Sante NYC an gen dwa itilize ak bay (oswa divilge) PHI ou yo ak jan li pwoteje yo. Avi sa a dekri dwa ou yo tou ak responsabilite Depatman Sante NYC an genyen lè l ap itilize ak bay PHI ou yo.

Se Pou Kiyès Avi Sa a

Yo konsidere Depatman Sante NYC an kòm yon "antite ibrid" dapre HIPAA poutèt li ofri sèvis swen medikal ak sèvis sante publik. HIPAA kouvri sèvis swen medikal yo, men li pa kouvri sèvis sante publik.

Avi sa a valab pou sèvis swen medikal HIPAA kouvri yo. Responsabilite yo ki nan avi sa a se pou tout manm nan pèsonèl Depatman Sante NYC an k ap itilize oswa bay PHI ou yo.

Responsabilite Depatman Sante NYC an

Dapre lalwa, klinik Depatman Sante NYC yo dwe:

- Kenbe PHI ou yo prive ak sekirize
- Mete ou okouran responsabilite legal ak pratik konfidansyalite nou yo lè n ap itilize ak bay PHI ou yo

Lwa sou Konfidansyalite yo

Gen plizyè lwa federal, eta ak minisipal sou konfidansyalite ki gen plis restriksyon sou itilizasyon ak divilgasyon PHI. Lwa sa yo valab pou tretman toksikomani, tès ak tretman VIH/SIDA, tès ak tretman enfeksyon ki transmèt seksyèlman, ak tretman sante mantal. Politik Depatman Sante NYC an ak avi sa a obeyi lwa sa yo.

Kijan Depatman Sante NYC an Kapab Itilize ak Bay PHI Ou yo

Lè Depatman Sante NYC an Oblije Bay PHI Ou yo

Dapre lalwa, Depatman Sante NYC an oblige ba ou PHI ou yo sòf si yon pwofesyonèl medikal di sa p ap

bon pou sante ou.

Sou demann, Depatman Sante NYC an oblige bay Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an PHI ou yo pandan envestigasyon sou kijan nou obeyi lwa ki pwoteje PHI ou yo.

Tretman

Depatman Sante NYC an gen dwa itilize oswa bay PHI ou yo, sa gen ladan rekòmandasyon pwofesyonèl medikal yo, pou ofri tretman oswa sèvis ou bezwen yo.

Peman

N ap sèvi ak PHI ou yo jan sa nesesè pou voye bòdwo ak resevwa peman pou tretman ak sèvis nou te ofri ou yo. Depatman Sante NYC an gen dwa bay plan asirans maladi w lan (sa gen ladan Medicaid) oswa yon òganizasyon swen entegre enfòmasyon sou tretman w lan pou yo apwouve peman.

Aktivite Swen Medikal

Depatman Sante NYC an gen dwa itilize ak bay PHI ou yo pou aktivite swen medikal nòmal. Pèsonèl medikal la pral sèvi ak PHI ou yo pou gade ki swen ou te resevwa ak rezulta medikal ou yo epi konpare yo ak lòt. Paregzanp, nou gen dwa gade PHI ou yo pou fòmasyon, pou jesyon risk oswa pou amelyore kalite ak rezulta swen ak sèvis nou ofri yo.

Depatman Sante NYC an ap divilge PHI ou yo bay anplwaye biznis tyès pati k ap egzekite sèvis pou ajans la, tankou bòdwo. N ap egzije anplwaye biznis yo pou yo pwoteje PHI ou yo tou.

Depatman Sante NYC an gen dwa wete tout enfòmasyon pèsonèl pou PHI ou yo ka sèvi pou etidye swen ak sèvis medikal yo san revele kiyès ou ye.

Rapèl Randevou

Depatman Sante NYC an gen dwa itilize ak bay PHI ou yo pou fè ou sonje ou gen randevou. Rapèl sa yo p ap bay rezon vizit medikal ou a.

Egzijans Federal, Eta ak Minisipal

Depatman Sante NYC an ap bay PHI ou yo lè gen lwa, règ oswa règleman federal, eta oswa minisipal ki egzije li.

Aktivite Sante Biblik

Depatman Sante NYC an gen dwa divilge PHI ou yo bay nenpòt ki ajans sante biblik ki kapab legalman resevwa PHI pou siveyans sante biblik **oswa** pou anpeche oswa kontwole maladi, donmaj oswa andikap. Sa gen ladan rapò sou maladi, nesans oswa lanmò.

Abi sou Timoun

Depatman Sante NYC an gen dwa divilge PHI ou yo bay tout otorite gouvènman ki kapab legalman resevwa rapò sou abi sou timoun.

Siveyans Sante

Depatman Sante NYC an gen dwa divilge PHI ou yo bay nenpòt ki ajans siveyans pou aktivite legal (tankou odit, envestigasyon, enspeksyon ak pèmi) k ap kontwole sistèm medikal la, pwogram avantaj gouvènman yo, lòt pwogram règlemantasyon gouvènman ak lwa sou dwa sivil.

Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA)

Depatman Sante NYC an gen dwa divilge PHI ou yo bay nenpòt moun oswa konpayi FDA egzije pou li:

- Rapòte defo yon pwodui, reyakson negatif ak li, oswa pwoblèm ladan
- Rapòte chanjman nan pwodui byolojik
- Suiv pwodui
- Wete pwodui sou mache a
- Fè reparasyon oswa ranplasman
- Fè siveyans apre maketin

Pwosedi Jiridik

Depatman Sante NYC an gen dwa bay PHI ou yo an repons a nenpòt ki lòd tribinal oswa administrasyon si ou mele nan yon pwosè oswa lòt konfli jiridik. Nou gen dwa bay PHI ou tou an repons a nenpòt ki manda pou konparèt, demann pou dekachte prèv oswa lòt pwosedi jiridik ki sòti nan men yon lòt moun ki nan konfli an, sèlman si nou kontakte ou osijè demann nan.

Fòs de Lòd

Depatman Sante NYC an gen dwa PHI si ofisyèl fòs de lòd yo mande yo:

- An repons a yon lòd tribinal, yon manda pou temwen konparèt, lòt kalite manda oswa lòt pwosede jiridik konsa
- Pou idantifye oswa jwenn yon sispèk, yon prizònye ki sove, yon temwen, oswa yon moun ki disparèt
- Pou jwenn enfòmasyon sou yon moun ki viktim krim si nou pa ka jwenn konsantman moun nan
- Pou jwenn enfòmasyon sou yon lanmò nou panse ki rive poutèt krim
- Pou jwenn enfòmasyon sou yon krim ki rive nan youn nan klinik nou yo
- Nan ka ijans, pou rapòte yon krim oswa jwenn enfòmasyon sou:
 - Ki kote yon krim te fèt oswa ki kote yo kapab jwenn moun ki viktim krim
 - Kiyès ki te komèt yon krim oswa kote yo kapab jwenn yo

Kowonè, Direktè Pomp Finèb ak Don Ògàn

Depatman Sante NYC an gen dwa bay yon kowonè oswa yon medsen lejis PHI pou idantifye yon moun ki mouri oswa pou konnen kijan yon moun fè mouri. Nou gen dwa revele yon direktè pomp finèb PHI yo tou pou ede li fè travay li, dapre sa lalwa otorize. Nou gen dwa itilize ak bay PHI tou pou don ògàn.

Rechèch

Pafwa, Depatman Sante NYC an gen dwa itilize ak bay PHI ou yo pou fè rechèch. Rechèch yo dwe toudabò jwenn apwobasyon nan men komite etik endependan Depatman Sante NYC an epi obeyi tout lwa, règ ak règleman ki gen pou wè ak sa.

Aksè pou Paran

Gen lwa eta ki eksplike ki PHI nou kapab bay paran ak responsab legal. Depatman Sante NYC an ap obeyi tout lwa ki gen pou wè ak sa.

Endanmnite pou Aksidan Travay

Depatman Sante NYC an gen dwa bay PHI ou yo pou obeyi yon lwa sou endanmnite pou aksidan travay oswa lòt pwogram memm jan an ki ofri avantaj pou chòk ak maladi ki gen pou wè ak travay.

Aktivite Kriminèl

Selon sèten lwa federal ak eta, Depatman Sante NYC an gen dwa bay PHI ou yo si nou panse lè nou itilize oswa bay yo sa ap anpeche oswa redui yon menas grav ki pandye sou publik la oswa sou sante oswa sekirite yon moun. Nou gen dwa revele PHI ou yo tou si sa nesesè pou ede otorite fòs de lòd yo idantifye oswa arete yon moun.

Moun ki nan Prizon

Depatman Sante NYC an gen dwa divilge PHI moun ki nan prizon bay etablisman penitansye yo a oswa pèsonèl li, si sa nesesè pou sante ak sekirite yo ak lòt moun.

Aktivite Militè ak Ansyen Konbatan

Si ou yon manm fòs ame yo, Depatman Sante NYC an gen dwa bay PHI ou yo jan otorite kòmannman militè yo egzije li. Nou gen dwa divilge PHI sou pèsonèl militè etranje tou bay otorite militè etranje apwopriye yo.

Sekirite Nasyonal ak Ransèyman

Depatman Sante NYC an gen dwa bay ofisyèl federal ki egn otorizasyon PHI ou yo pou ransèyman, kont-espyonaj ak lòt aktivite sekirite nasional lalwa otorize. Nou gen dwa bay ofisyèl federal yo PHI ou yo tou pou yo ka fè envestigasyon espesyal oswa pwoteje Prezidan an, lòt moun ki gen otorizasyon oswa chèf deta etranje.

Moun k ap Patisipe nan Laswenyay ou

Sòf si ou pa dakò, Depatman Sante NYC an gen dwa itilize oswa bay PHI ou yo pou fè yon manm fanmi ou oswa yon reprezantan pèsonèl ou konnen kote ou ye ak kisa eta sante ou ye. Si ou la, w ap kapab pa bay otorizasyon pou yo itilize ak bay PHI ou yo nan ka sa a. Si ou pa ka deside oswa si gen ijans, nou gen dwa bay PHI ou yo si nou panse se sa ki pi bon pou ou.

Dwa ou yo nan Zafè PHI ou yo

Menm si dosye medikal ou se pwopriyete Depatman Sate NYC an, enfòmasyon yo se pou ou yo ye. Pi ba a w ap gen dwa ou yo nan zafè PHI ou yo. Ou kapab depoze nenpòt nan demann ki annapre yo alekri devan Direktè Klinik la, Manadjè Sèvis Medikal yo oswa moun yo deziyen an:

Dwa Enspekte ak Kopye: Nou kenbe PHI ou yo nan yon "ansanm dokiman pwoteje" e yo ka sèvi pou pran desizyon sou swen medikal ou. Ansanm dokiman pwoteje a nòmalman gen ladan dosye medikal ak bòdwo. Ou gen dwa gade ak resevwa enfòmasyon sa yo pandan tout tan Depatman Sante NYC an ap konsève yo. Dwa sa a pa valab pou:

- Nòt sikoterapi
- Enfòmasyon nou rasanble pou sèvi, oswa avèk posibilité pou yo sèvi, nan yon aksyon oswa pwosè sivil, penal oswa administratif
- PHI lalwa pa vle pou w wè

Depatman Sante NYC an gen dwa refize demann ou an pou gade ak resevwa enfòmasyon sou sante ou nan sèten sitiayson. Si nou refize ou gade enfòmasyon sou sante ou, ou gen dwa kontakte Responsab Konfidansyalite a pou mande li egzaminen refi an.

Dwa Mande Amannman: Si ou panse enfòmasyon sou sante nou genyen sou ou yo pa kòrèk oswa pa konplè, ou gen dwa mande pou nou amande (chanje oswa ajoute nan) enfòmasyon sa yo. Ou gen dwa

mande amannman depi Depatman Sante NYC an kenbe enfòmasyon sou sante ou yo. Depatman Sante NYC an gen dwa refize repons ou a si li pa alekri oswa si li pa gen yon rezon valab. Epitou, nou gen dwa refize demann ou an si ou mande nou amande enfòmasyon:

- Ke se pa Depatman Sante NYC an ki te kreye yo, sòf si moun oswa antite ki te kreye enfòmasyon yo pa kapab fè amannman an
- Ki pa fè pati enfòmasyon sou sante Depatman Sante NYC an genyen nan men li oswa ke yo kenbe pou li
- Ki pa fè pati enfòmasyon ou gen dwa gade ak resevwa yo
- Ki kòrèk ak konplè

Dwa Resevwa Avètisman sou Vyolasyon Done: Depatman Sante NYC an dwe fè ou konn sa rapidman si konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon ou yo touche.

Dwa pou Nou Rann Ou Kont sou Divilgasyon yo: Yon kont sou divilgasyon yo se lis moun ak antite nou bay PHI ou yo. Lis la pa gen ladan divilgasyon ki fèt poutèt tretman, peman, oswa lòt objektif medikal jan yo dekri nan avi sa a oswa nan sèten lòt divilgasyon (tankou sa ou mande nou fè). Ou gen dwa a kont sou divilgasyon PHI pou jiska sis ane anvan dat demann ou an.

Dwa Mande Restriksyon: Ou gen dwa mande restriksyon (oswa limit) sou PHI nou itilize yo oswa bay yo pou tretman, peman oswa nan objektif swen medikal. Ou gen dwa mande tou yon limit sou PHI ou n ap bay yon moun k ap patisipe nan laswenyay ou oswa nan peman pou laswenyay ou. Nou pa oblige dakò ak demann ou an.

Si ou peye nèt pou yon sèvis oswa atik medikal avèk pwòp lajan pa ou, ou kapab mande nou pou nou pa bay konpayi asirans ou enfòmasyon ou yo pou peman oswa nan objektif swen medikal. N ap dakò avèk ou sòf si lalwa egzije pou nou bay enfòmasyon yo.

Dwa Mande Kominikasyon Konfidansyèl: Ou gen dwa mande pou nou kontakte ou lòt jan oswa yon lòt kote pou pwoteje konfidansyalite ou. Paregzanp, ou kapab mande nou kontakte ou nan travay oswa pa lapòs. Ou gen dwa mande tou pou nou voye tout enfòmasyon pou ou pa lapòs nan yon anvlop fèmen olye de sou yon kat postal.

Si ou ta renmen nou kontakte ou an prive, voye yon demann ekri bay Direktè Klinik la oswa moun li deziyen an. Demann ou an dwe di kijan ak ki kote ou vle pou nou kontakte ou. Si w ap resevwa sèvis nan plis pase yon sèl klinik, ou dwe fè yon demann pou chak.

Dwa Chwazi yon Moun pou Aji pou Ou: Si ou bay yon moun pwokirasyon pou swen medikal (kapasite pou yon moun pran desizyon medikal pou ou si ou pa kapab) oswa si ou gen yon responsab legal, yo kapab fè chwa sou PHI ou yo pou ou.

Dwa Jwenn Kopi Avi sa a: Ou kapab mande yon kopi papye avi sa a nenpòt ki lè. Kontakte Direktè Klinik la, Manadjè Sèvis Sante yo oswa Responsab Konfidansyalite a nan 347-396-6007.

Otorizasyon pou Itilizasyon PHI

HIPAA egzije pou nou jwenn otorizasyon ekri ou pou itilize oswa bay PHI ou yo pou:

- Fè maketin
- Vann enfòmasyon ou yo (Depatman Sante NYC an gen kòm politik pou li pa vann PHI ou yo)

- Divilge pifò nòt sikoterapi

Depatman Sante NYC an ap mande otorizasyon ekri ou pou itilize oswa bay PHI ou yo pou rezon ki pa kouvri nan avi sa a oswa nan lwa ki aplike pou nou yo. Si ou ba nou otorizasyon itilize oswa bay PHI ou yo, ou gen dwa anile otorizasyon an pa ekri nenpòt ki lè. Si ou anile, Depatman Sante NYC an p ap ni itilize ni bay PHI ou yo ankò pou rezon ou mete nan otorizasyon ekri w lan. Nou pa kapab repran ankenn divigilasyon nou te deja fè avèk otorizasyon ou e ke nou oblige kenbe.

Chanjman nan Avi sa a

Nou kapab chanje pratik konfidansyalite nou yo ak avi sa a. Nou kapab fè chanjman ki nan avi sa a aplike pou nenpòt PHI nou deja genyen sou ou tou epitou pou nenpòt enfòmasyon nou gen dwa resevwa pi devan.

N ap afiche kopi avi ajou nou an nan tout klinik nou yo. Dat antre an vigè a (lè avi an te kòmanse sèvi) ap make anwo nan mitan premye paj la ak anba adwat nan dènye paj avi an. Epitou, n ap mete yon kopi avi ajou a disponib pou ou depi gen chanjman. Ou gen dwa mande yon kopi avi nou an tou nenpòt ki lè epi pou gade avi ajou a ou kapab ale sou **nyc.gov/health** epi chèche "**HIPAA**".

Plent

Si ou panse yo vyole konfidansyalite ou, ou te mèt voye yon plent ekri bay Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an oswa bay Responsab Konfidansyalite Depatman Sante NYC an nan adrès ki pi ba a yo. Ou p ap sibi penalite poutèt ou voye plent:

- Voye plent ou a pa imèl nan **PrivacyOfficer@health.nyc.gov**.
- Poste plent ou a bay:
 - NYC Department of Health and Mental Hygiene's Chief Privacy Officer at Gotham Center
42-09 28th Street, 14th Floor, CN-30 Queens, NY 11101



Resepise Pratik Konfidansyalite yo

Lè mwen siyen ak date fòmilè sa a, mwen rekonèt mwen resevwa kopi Avi sou Pratik Konfidansyalite Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la.

Non pasyan an (tanpri ekri an lèt detache)	
Siyati pasyan an	Dat

Si ou se yon reprezantan pèsonèl k ap ranpli sa a pou pasyan an, ekri non ou pi ba a an lèt detache.

Non reprezantan pèsonèl la (tanpri ekri an lèt detache)	
Siyati reprezantan pèsonèl la	Dat

Pou Administrasyon Sèlman
<input type="checkbox"/> Pasyan an refize siyen
<input type="checkbox"/> Pasyan an pa t kapab siyen
Inisyal anplwaye Depatman Sante NYC an: _____
Dat: _____

Dosye Orijinal Pasyan